# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली में कर्तव्य पथ पर कर्तव्य भवन–तीन क उद्‌घाटन कइलें। उहां के नया भवन क निरीक्षण कइलीं अउर ओकरे बिसेसता के बारे में जनकारी लिहलीं। ई भवन सेंट्रल विस्टा परियोजना क हिस्सा हौ। एगो रिपोर्ट–

**कर्तव्य भवन तीन लगभग डेढ़ लाख वर्ग मीटर का एक अत्याधुनिक कार्यालय परिसर है, जिसमें गृह, विदेश, ग्रामीण विकास, एमएसएमई, पेट्रोलियम एवं प्राकृतिक गैस जैसे प्रमुख मंत्रालयों कार्मिक और प्रशिक्षण विभाग और प्रधान वैज्ञानिक सलाहकार के कार्यालय होंगे। यह नया भवन आधुनिक प्रशासनिक ढांचे का प्रतीक है। रूफटॉप सोलर, सोलर वॉटर हीटिंग, वेंटिलेशन और वातानुकूलित व्यवस्था और वर्षा जल संचयन के साथ यह साहित्य में भी अग्रणी होगा। कर्तव्य भवन की छत पर लगे सोलर पैनल हर साल 5 लाख से अधिक यूनिट बिजली पैदा करेंगे। यह भवन पर्यावरण जागरूकता को भी बढ़ावा देगी। रहीसुद्दीन के साथ अनुपम मिश्र आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

कर्तव्य भवन के उद्‌घाटन पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये प्रधानमंत्री के प्रति अभार जतवले हवें। उहां के कहलीं कि ई भवन कर्तव्यनिस्ठ सासन क नया दृस्टि अउर प्रसासनिक दक्षता के नया संकल्पन क सजीव प्रतीक हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नाथ नगरी बरेली में दुइ हजार दुइ सौ चौंसठ करोड़ रूपिया के लागति क पांच सौ पैंतालीस विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि डबल इंजन क सरकार सबका साथ सबका विकास के मंत्र के आत्मसात कइ के बिरासति के विकास के साथे जोड़ि के कार कइ रहलि हौ।

**यह नया भारत है, नया भारत योजनाओं में भेदभाव नहीं करता है। नया भारत उत्तर से दक्षिण तक पूर्व से पश्चिम तक पूरे भारत को जोड़ने में विश्वास रखता है। समाज के समग्र विकास को आगे बढ़ाता है दलितों के लिए वंचितों के लिए पिछड़ों के लिए समाज में जो लोग अभी तक छूट चुके हैं। उनको आगे बढ़ाने के लिए सरकार पूरी प्रतिबद्धता के साथ कार्य करती है और इसी का परिणाम है कि अपने यहां देखा होगा कि रोजगार मेला भी लगा है रोजगार मेले में नियुक्ति पत्र भी वितरित हुए हैं।**

कार्यक्रम में मुख्यमंत्री रोजिगार मेला के जरिया से चयनित छौ हजार से बेसी नौजवानन के नियुक्ति पत्र बंटलें अउर कई गो योजना के लाभारथियन के प्रमाण पत्र आ टैबलेट दिहलें। एकरे बादे मुख्यमंत्री मुरादाबाद के मण्डल मुख्यालय पर ओन्यासी करोड़ से बनल अटल आवासीय विद्यालय क उद्‌घाटन कइलें। सथहीं मुरादाबाद के चौबीसवीं पीएसी वाहिनी में एक हजार एक सौ बहत्तर करोड़ के सतासी विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें।

**********

प्रदेस के कई नदियन में बढ़त जलस्तर के नाते कई जिलन में बाढ़ि क हालति बनि गइल हौ। प्रसासन की ओरि से परभावित लोगिन के सुरक्षित जगहिनि पर पहुंचावल जा रहल हौ। अजोध्या में आजु सरजू नदी के जलस्तर में बढ़ोत्तरी  दरज कइल गइल, जेहसे ओइजा बाढ़ि क हालति बनि गइल बा। ओइजा प्रसासन अलर्ट मोड में हौ। बनारस में आजु गंगा अउर वरूणा नदी क बढ़ल जलस्तर के नाते नदियन में पंवरले पर रोकि लगा दीहल गइल हौ। एकरे सथहीं बाढ़ि परभावित इलाकन में जरजर मकानि में रहि रहल लोगिन से अपीलि कइल गइल हौ कि ऊ जुरते मकान खाली कइ के बाढ़ि राहत केन्द्रन में सरण लें। ओहर, बलिया में आजु गंगा नदी के जलस्तर में लगतारे बढ़ोत्तरी से सहरी इलाकन में रहे वाले लोगिनों क दिक्कति बढ़ि गइल हौ। सहर के उमरगंज में गंगा नदी से जुड़ल कटहल नाला में बैक फ्लो भइले से पचास से बेसी घरन में सैकड़ो लोगि फंसि गइलें, जिन्हें प्रसासन एनडीआरएफ के मददि से सुरक्षित जगहिनि पर पहुंचवलस।

**********

संघ लोक सेवा आयोग– यूपीएससी सैक्षणिक अउर व्यौसायिक संस्थानन बदे अपने क्षेत्र से जुड़ल यूपीएससी भरती विज्ञापन के बारे में सोझै ईमेल अलर्ट पवले क एगो नया सुविधा सुरू कइले हौ। नया आउटरीच नीति के तहत ईमेल अलर्ट सेवा क सदस्यता लिहले क इच्छुक संस्थान वेबसाइट आरए डैश यूपीएससी एट दी रेट जीओवी डॉट इन पर सदस्यता अनुरोध– यूपीएससी भर्ती एलर्ट बिसय पंक्ति के साथे अनुरोध भेजि सके लें।

**********

प्रदेस क महिला कल्याण बाल विकास अउर पुस्टाहार मंत्री बेबी रानी मौर्य आजु अजोध्या में प्रभु श्रीरामला क दरसन–पूजन कइलिनि। एकरे बादे सर्किट हाउस में पत्रकार लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि येह समय लइकन के सुपोसित बनवले क एगो पखवाड़ा चलि रहल हौ। येह अभियान में जन–भागीदारी जरूरी बाटे। सरकार क कोसिस हौ कि कुपोसित लइके सुपोसित होखें अउर स्वस्थ बनें।

**********